

Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO AP DIRIJE EKSPANSYON PWOGRAM APRANTISAJ SUNY AN  
KI VO 3 MILYON DOLA POU SIPÒTE DEVLOPMAN MENDÈV NAN ENDISTRI  
KVASANS KLE YO**

*Mohawk Valley Community College dwe kowòdone pwogram ki gen rapò ak sibèsekirite, Teknoloji Enfòmasyon, entèlijans atifisyèl ak lòt endistri priyorite yo*

*Anons lan vini nan moman Gouvènè a t ap [anonse](#) dat 22 - 29 Septanm 2019 nan Semèn sansibilizasyon pou delopman mendèv*

*Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul ak Direktè Devlopman Mendèv ap dirije Atelye sou initiativ Devlopman Mendèv nan tout Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia yon investisman 3 milyon dola nan Pwogram Aprantisaj State University of New York la (SUNY), premye Pati nan Aplikasyon Finansman Konsolide la (Consolidated Funding Application, CFA) ki soti nan 175 milyon dola Inisyativ Devlopman Mendèv (Workforce Development Initiative) Gouvènè a. Finansman an pral elaji pwogram aprantisaj kritik, kowòdone pa Mohawk Valley Community College (MVCC) e ki gen ladan lòt lekòl SUNY yo, nan entèlijans atifisyèl, sekirite enfòmasyon, ak teknoloji enfòmasyon ansanm ak lòt endistri kwasans yo.

"Pwogram aprantisaj yo ofri elèv opòtinite edikasyonèl ak eksperyans pratik yo bezwen pou prepare yo pou travay nan tan kap vini an", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Finansman sa a pral elaji pwogram kritik aprantisaj sa yo ki ede elèv yo reyisi nan endistri teknoloji k ap grandi rapid nan New York epi devlope mendèv florisan eta nou an."

Lansman an kowenside ak Semèn Konsyantizasyon sou Devlopman Mendèv (Workforce Development Awareness Week). Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ak Direktè Devlopman Mendèv Madhuri Kommarreddi ap dirije atelye Inisyativ Devlopman Mendèv yo pandan tout semèn lan nan lokasyon nan pati Lwès New York, New York Santral, Southern Tier, North Country ak Mohawk Valley. Sa a swiv dènye evenman yo nan Vil New York, Long Island, Mid-Hudson, Rejyon Kapital, ak Finger Lakes.

"Nou ap re-imaginer devlopman mendèv nan yon fason inovatè pou satisfè bezwen anplwayè yo ki ap chèche anboche pou travay ki disponib kounye a ansanm ak sa yo ki pral ranpli pa jenerasyon kap vini an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.**

"Inisyativ Devlopman Mendèv 175 milyon dola an ap ede asire ke nou redwi eka nan konpetans yo epi bay moun New York yo fòmasyon travay ak edikasyon yo bezwen pou pwospere nan 21yèm syèk la. Nouvo agrandisman Pwogram Aprantisaj SUNY an ak prèske 3 milyon dola nan finansman pral sipòte pwogram fòmasyon ki bay elèv yo yon filyè a travay ak anplwayè lokal yo. Nou dwe kontinye gaye pawòl la pou nivo finansman

san parèy sa a ki disponib kounye a pou devlopman mendèv, paske atravè sipò sa a nou ap satisfè bezwen biznis yo pou kwasans ekonomik ak siksè epi sa pral bay estabilite finansye ak diyite pou anpil moun New York ak fanmi yo atravè eta a."

**Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare,** "Inisyativ Devlopman Mendèv Gouvènè a deja ap bay bon rezilta avèk plis pase 40 konpayi ak 750 moun kap patisipe nan Pwogram Aprantisaj SUNY a. Ekspansyon yo anonse jodi a pral konekte elèv nou yo ak lòt moun plis toujou a travay nan endistri k ap emèje yo. Anpil Mèsi a Gouvènè a pou sipò li, ak pou patnè enpòtan nou yo ki nan Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor)."

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric J. Gertler te deklare,** "Siksè biznis jodi a depann de yon mendèv ki ka kenbe ak yon mache travay ki toujou ap evolye. Pwogram aprantisaj SUNY a enpòtan anpil pou asire ke nou gen travayè kalifye ak edike pou ranpli travay sa yo epi kenbe ritm ak konpetans 21yèm syèk yo la ki esansyèl nan ekonomi jodia".

Inisyativ Devlopman Mendèv Gouvènè a angaje Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils, REDC) pou sipòte efò rejyonal estratejik ki satisfè bezwen aktyèl mendèv yo, amelyore filyè talan rejyonal yo, amelyore fleksibilite antite mendèv lokal yo, ak elaji opòtinite pou aprann nan espas travay yo. Inisyativ la sipòte tou efò pou amelyore sekirite ekonomik popilasyon yo ki souvan fè fas a obstak ki anpeche yo vanse nan karyè yo, enkli fanm, jèn travayè, veteran, ak moun ki gen andikap.

Kòm yon pati nan pwosesis Inisyativ Devlopman Mendèv CFA a, kanpis SUNY yo ka aplike pou finansman pou pwogram fòmasyon pèsonalize pou devlopman mendèv ak anplwayè lokal yo, ki bay fon korespondan. Jiska dat, yo apwouve pwojè nan rejyon North Country, Southern Tier, ak Mohawk Valley. Fòmasyon sa yo pral bay pa inivèsite kominotè yo ak biznis lokal sa yo: North Country pou Agri-Mark ak International Paper, Broome pou Raymond Corporation, Corning pou Elmira Savings Bank, ak Mohawk Valley pou C & H Plastics.

Finansman 3 milyon dola ki anonse jodi a ogmante Pwogram Aprantisaj SUNY a, ki te lanse an 2018, an patenarya avèk Depatman Travay Eta New York la. Pwogram nan te kòmanse ak yon konsantrasyon sou manifakti avanse ak swen sante, sa ki te pèmèt anplwayè lokal yo bay travay peye, fòmasyon nan travay, ak opòtinite karyè pou Estajyè ki Anrejistre yo (Apprentices Registered). Jiska dat, plis pase 40 patwon te patisipe e plis pase 750 moun te benefisye de pwogram aprantisaj ak pwogram pre-aprantisaj yo.

**Johanna Duncan-Poitier, ki se Vis Rektè Prensipal Inivèsite Kominotè ak Kondwit Edikasyonèl la,** te deklare, "Inivèsite kominotè SUNY yo te alatèt efò devlopman mendèv New York yo e yo de pli zan pli enpòtan pou ekonomi eta a. Nou kontan genyen MVCC kowòdone ekspansyon aprantisaj sa a, epi nou espere travay plis ak patnè nou yo nan biznis ak gouvènman an pou ranfòse mendèv eta nou an".

**Randall VanWagoner, prezidan Mohawk Valley Community College, te di ke,** "Aprantisaj yo kontinye yon fason eksepsyonèl pou Mohawk Valley Community College balanse pwogram akademik nou yo ak fòmasyon mendèv pratik. Nou menm, ansanm

ak inivèsite patnè nou yo pa ka tann pou ogmante pòte yo pi lwen pase manifakti avanse. Pou asire nou fòme anplwaye nan lavni yo nan konpetans ki pi enpòtan yo bezwen yo, nou gen patnè enpòtan anpil nan teknoloji enfòmasyon ak lòt endistri ki pral benefisye de nouvo opòtinite sa a".

Elèv ki nan pwogram aprantisaj la patisipe nan etid ak fòmasyon ki espesifik a endistri yo, epi yo dwe satisfè kondisyon Ansèyman ki gen Rapò ak sa. Estajyè ki Anrejistre yo anboche pa yon antrepriz sipòtè, epi jwenn yon kalifikasyon ki valab atravè eta a ak lòt kote tou.

Atravè panèl diskisyon endistri yo ki te òganize pa inivèsite SUNY yo, moun ki enpòtan nan biznis yo te rankontre pou diskite sou opòtinite pou aprantisaj ak pou kreye plis patenarya. Anplwayè patnè yo enkli All Seasonings Ingredients, Beech-Nut, Crown Cork & Seal, Feldmeier Equipment, Knowles Precision Devices, Precision Tool and Manufacturing, ak Revere Copper Products.

### **Enfòmasyon sou State University of New York**

State University of New York la se pi gran sistèm ansèyman siperyè konplè nan peyi Etazini, ak 64 kanpis kolèj ak inivèsite ki sitiye nan anviwon 48 kilomèt chak kay, lekòl ak biznis nan eta a. Apati otòn 2018, gen plis pase 424,000 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. Otòtal, SUNY te sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan kou ak pwogram, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè ki gen kredi inivèsitè yo pandan ane akademik 2017-18 la. SUNY sipèvize prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Etidyan ak pwofesè inivèsite li yo pote yon gwo kontribisyon nan rechèch ak dekouvèt, sa k ap kontribye nan yon pòtfolyo rechèch ki vo 1.6 milya dola. Genyen 3 milyon ansyen etidyan SUNY nan lemond epi youn nan chak twa moun nan New York ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)